Lòt bò rivyè a

ESTERLIN, Jean Marc



Ckak vivan gen yon pasaj nan lavi li ki make l anpil. Kan ta mwen menm, mwen genyen anpil, se yon vag souvni k ap debòde nan lanmè memwa mwen.

Si se pou souvni dantan, mwen chaje kou legba.

Toutfwa, gen ladan yo ki pi dwòl pase lòt. Yo pa chita sèlman sou moman kè kontan, men menm nan moman ki pi sonb nan adolesan m istwa sa yo te toujou fè m griyen dan m.

Lòt bò rivyè a se yonn ladan yo e se la tout bagay te konn pase !

Mwen sonje lè m te nan 13 jiska 16 lane, mwen pat gen libète menm jan ak anpil timoun sou katye yo. Men mwen te toujou gen chans pou m te jwe mab, elastik, zikòs, kat, domino, elatriye. Tout jwèt sa yo, mwen te konn jwe yo nan 2 okazyon : 1) lè yon kouzen m te soti pòtoprens vinn pase vakans ak nou e 2) lè mwen te konn al kay yon tonton papa m ki te abite a 2 minit de lakay la. Se te yon gran lakou ki te chaje ak jèn gason ki te kondisip mwen tou. Dayè, nou te prèske gen menm laj.

Mwen gen anpil pou m ta di sou jwèt mwen mansyone yo. Men kite m rakonte nou Lòt bò rivyè a. Mwen twouve se yonn nan pi bèl paj listwa lavi m. Nan katye lakay mwen, a 15 minit a pye, gen yon rivyè ki travèse l. Rivyè sa a pa gen dlo pandan tout ane a. Lè w tande dlo sa a desann, se te plezi tout ti jèn sou katye a. Se te la a tou pou jèn gason yo gen chans rankontre tout bèl jèn fanm sou katye a ak sa ki ozalantou yo san prezans paran yo.

Depi li fè 8è oubyen 9è nan maten, majorite jèn gason sou katye a te toujou reyini sou yon tèren foutbòl. Se te rityèl nan maten ak nan sware nou.

Nou antrene ansanm, jwe ansanm, menm goumen tou lè nou yonn pa konprann lòt. Nou te toujou kwè nou pral fè yon gwo karyè nan foutbòl. Bon! Rès koze a pou listwa. Aprè nou finn jwe bò 11è, mwen menm ak patnè m yo pran direksyon pou ale benyen nan rivyè a.

Avan nou ale nan rivyè a, nou pase al pran marinad, pate, sosis, pikliz, elatriye nan men yon zanmi nou sou katye a. Aprè sa, nou pase al chache kann nan men yon vwazinay ki te konn ap vann kann ki soti nan jaden li osinon li achete an gwo nan mache Dezam.

Nou pran wout la. Solèy cho, n ap manje fritay, manje kann tout nan wout la. Sa m bliye di nou, si se nan epòk mango, nou pran yon poz anba pye mango yo epi manje. Ou pa bezwen panse ak sa w panse a, aaaa. Se pye mango fanmi oubyen zanmi fanmi nou, nou te gen dwa rantre jan nou vle pou n al keyi epi manje. yo te jis entèdi nou fè gaspiyaj.

Lè nou rive bò rivyè a, nou jwenn tout kalite moun e tout klas. Pat gen afè mwen se entèl, tout moun se te moun bò ribvyè a. Mwen te renmen chita sou yon gwo wòch pou m ap gade medam yo k ap lave

ak mesye yo k ap fè jako pye vèt. Nan epòk sa a, anpil jèn gason te pè apwoche medam yo. Lè konsa, nou fè anpil bri, pale fò, bay blag san sans epi griyen dan nou. Tout sa, yon fason pou nou atire rega medam yo.

Mwen bliye di nou sa. Lòt bò rivyè a se la ou te konn ap wè lafimen ap monte al di syèl la bonjou. Prèske tout jèn fanm ki vinn lave mache ak chodyè, diri, pwa, somon oubyen aran, elatriye pou kwit manje pou yo manje. Lè manje sa yo finn kwit, sa depan de kijan mesye yo fè medam yo ri, yo konn ba nou manje. Mwen se ra moun ki konn akspete paske mwen pa t konn manje ke lakay mwen oubyen sa mwen achte. Jiska prezan, se yonn nan defo moun konsidere mwen genyen.

Si pa malè yonn nan medam yo wè yon nèg li renmen nan mitan nou, li tou deside pa manje jiskaske nou ale. Lè konsa, gen nan nou ki deside fè plis tan pase sa nou te gen abitid fè. Sa ki bèl lòt bò rivyè a, te konn gen anpil jaden kann ak jaden mayi. Lè konsa, mèt jaden yo, lè yo sou bon san yo, yo te konn chwazi bay mayi ak kann ak jèn

medam ki t ap lave nan rivyè a. Se te epòk moun te konn sa k rele viv an kominote.

Sa ki te konn enterèsan tou, se moun ki pa pote bagay pou yo te fè manje. Moun sa yo te toujou gen chans jwenn moun k ap soti nan jaden, k ap pote yon seri de lam rèk ak kokoye, ki te konn chwazi ba yo kèk lam pou yo boukannen. Lòt bò rivyè a se pa sèlman manje, bay blag e fè jako pye vèt. Nou te konn ap asiste ak jèn k ap monte kap. Sa ki bèl nan sa, se lè jèn sa yo deside mete jilèt nan ke kap la pou yo te ka bay ke pwason. Sa ki ke pwason an menm? Se lè yon moun deside bay kap li a fil epi li rive bò kap pa yon lòt li fè ke a, ki gen jilèt la, koupe fil kap lòt la. Souvan, batay konn mete pye.

Lòt bò rivyè a tou, se la premye ti bèk te konn tonbe. Yo rele sa ti bo anbachal. Se la tou, anba touf mayi a oubyen touf zèb yo, jèn gason ak jèn fanm te konn bay ak pran premye batèm yo. Ou gentan konprann sa m vle di a. Se la tou, manman jèn fanm te konn vinn chache yo ak gwo bout baton.

Mwen sonje yon jou, nou te bò rivyè a, mwen ak kouzen m t ap byen pran plezi nou. Nou t ap fè

soperye nan dlo a, monte anlè, sote nan dlo a. Mwen pat konn naje, se poutèt sa, mwen te toujou ap chache kote ki pa fon pou m antre. Yonn nan bagay ki te dwòl nan rivyè sa a, anpil moun te pè rantre ladan paske moun sou katye yo te konn ap rakonte istwa moun mèt dlo a konn pran, sa vle di moun ki te konn disparèt nan dlo sa a. Eske se vre? Mwen pa konnen.

Pandan n ap benyen byen serye, se tande mwen tande manman jèn fi a ap rele l. Dam nan ak yon gwo bout baton nan men li. Li kòmanse joure paske li tande pitit li a ak yon malbourik nan rivyè a. Mwen tonbe griyen dan mwen paske lè istwa sa yo rive se zam li banm pou m defann tèt mwen nan moman fawouch yo.

Kouzen m nan ak jèn fi a pa ka fè bri. Yo tou 2 a te nan rivyè a, men nan yon kwen. Nan kwen yo te ye a te gen kèk pye bwa ki ba e ki te gen anpil branch ki bay sou rivyè a. Yo te anba branch bwa sa yo. Si w pa founi je pou w gade byen, ou p ap wè yo. Mwen pa konn sa k pase, gen yon moun ki di, men yo anba branch bwa a. Sa w tande a, manman an pran yon seri de wòch epi li di si nou pa soti, m ap

vide wòch sou nou. Tout moun pran kouri. Kit ou te nan koze a, kit ou pa t nan koze a. Dam sa a te gen 2 defo : li radi e li te anraje.

Kouzen m nan pran kouri, manman jèn fi a tonbe kalonnen l kout wòch. Moun sou de ran ap griyen dan yo. Sa w tande a, koze a gaye nan katye a. Se pa t premye fwa, dam sa a vinn chache pitit li a nan yon istwa konsa. Sèl bagay nou pa ka nye sèke nan peryòd sa a, paran yo te pran responsabilite yo pou anpeche timoun yo tonbe nan tout deriv sosyete nou an ap fè fas kounyè a.

Lòt bò rivyè a vle di anpil bagay : kè kontan, amizman, amitye ak anpil moman dèy tou. Mwen pa ka finn rakonte souvni sa a san mwen pa wete chapo m devan tout nanm ki pèdi lè rivyè sa a desann ak fòs. E an menm tan tou, lot bò rivyè sa a raple nou responsabilite granmoun yo te genyen nan voye je gade sou kòman timoun yo t ap aji nan sosyete a.

Se poutèt sa, mwen kwè granmoun yo dwe asime respoonsabilite yo pou yo oryante timoun yo nan aksyon yo andedan sosyete a. Mwen espere ak travay n ap fè Ayiti tounen yon espas vivab pou

chak grenn pitit li yo. Ke lespwa ak enèji ki te travèse zansèt nou yo kontinye gide nou chak jou nan lespri pou bay Ayiti granmounite l.

Esterlin, Jean Marc. Lòt bò rivyè a, *Souvni dantan.* MALE 2024 ©jeanmarcesterlin.com

Tout resanblans ak kèlkeswa pèsonaj la se yon koyensidans. Istwa Idaniz se istwa anpil timoun sosyete ayisyèn nan bliye, neglije e maltrete maten, midi e swa. Souvan, se dèyè pot kay klete fanmi yo timoun yo viv pi move tretman yo.